

**AVI VALÈ PWOPRIYETE**  
Ane Fiskal 2020-21  
(Sa a pa yon bòdwo.)

15 janvyè 2020

Pwopriyete a (yo)

Adrès Pwopriyete a

Minisipalite: \_ Blòk: \_\_\_ Teren: \_\_\_

Klas Taks: \_ Klas Bilding: \_\_\_ Inite yo: \_

**AVI VALÈ PWOPRIYETE W LA (NOPV) NAN YON KOUDÈY**

**VALÈ MACHE POU 2020-21** \$ \_\_\_\_\_

**Valè Estime pou 2020-21:** \$ \_\_\_\_\_

**Egzanpsyon taks sou pwopriyete w la:** \_\_\_\_\_

**Gade pi ba a pou w jwenn yon estimasyon taks sou pwopriyete w la pou 2020-21.**

**KISA AVI SA A YE?**

Se avi anyèl pou valè pwopriyete w la, oswa NOPV. Se pa yon bòdwo.  
Kidonk, okenn peman pa obligatwa. Avi sa a pral:

- Enfòme w sou valè yo estime pwopriyete w la pou ane fiskal 2020-21 an, epi di w fason pou w konteste li si w kwè genyen yon erè ki fèt.
- Esplike fason yo kalkile taks sou pwopriyete yo.
- Bay yon estimasyon taks sou pwopriyete w la pou ane fiskal 2020-21 an.

Tanpri kenbe yon kopi avi sa a nan dosye w. Ou ka gade tou NOPV ou an ak bòdwo taks sou pwopriyete w yo sou Entènèt nan [www.nyc.gov/nopv](http://www.nyc.gov/nopv).

**ESTIMASYON TAKS SOU PWOPRIYETE POU 2019-20**

Nou pa p kapab kalkile taks sou pwopriyete w la pou 2020-21 jiskaske konsèy minisipal la fikse nouvo to taks la. Annatandan, ou pral peye to pou 2019-20 an. Anpil faktè enfliyansè montan taks ou, tankou nenpòt egzansyon ak rabè ou ka resevwa.

Tablo ki pi ba a estime montan ou pral dwe a nan miltipliye valè taksab pwopriyete w la pa to taks aktyèl la ki se \_\_\_\_%. Tablo sa a la pou bay enfòmasyon sèlman; montan reyèl ou dwe a ka diferan, selon to taks 2020-21 an ak valè egzansyon ak rabè ou yo.

| Ane     | Valè Taksab |   | To Taks |   | Taks sou Pwopriyete |
|---------|-------------|---|---------|---|---------------------|
| 2020-21 | \$ _____    | x | _____   | = | \$ _____            |

**DAT ENPÒTAN YO**

2 mas 2020  
Dènye jou pou w konteste valè estime w la. (Pwopriyete klas 2 ak pwopriyete klas 4.)

16 mas 2020  
Dènye jou pou w mande revize valè mache w la. (Pwopriyete klas 1 yo.)

Dènye jou pou w aplike pou yon egzansyon taks.

1ye avril 2020  
Dènye jou pou w mande revize valè mache w la. (Pwopriyete klas 2 ak pwopriyete klas 4.)

1ye jiyè 2020  
Kòmansman ane fiskal 2020-21 an.

**Pou w konnen plis bagay, ale sou**  
**[www.nyc.gov/nopv](http://www.nyc.gov/nopv)**

## FASON YO KALKILE TAKS YO SOU PWOPRIYETE W LA

Yo detèmine taks sou pwopriyete yo gras ak yon fòmil konplèks ki konsidere anpil montan ak kalkil diferan. Ale sou [www.nyc.gov/nopv](http://www.nyc.gov/nopv) pou w jwenn plis enfòmasyon sou estimasyon ak taksasyon pwopriyete.

| <b>SA POU OU FÈ SI W PA DAKÒ AK VALÈ SA YO</b>  |  |
|---|--|
| <b>Konteste Valè Mache W La</b><br>bòkote Depatman Finans   | <b>Konteste Valè Estime W La</b><br>bòkote Komisyon Fiskal Vil New York<br>(New York City Tax Commission)  |
| <p>Si w kwè Depatman Finans te fè yon erè nan detèmine valè mache w la, ou ka soumèt yon fòm "Demann pou Revizyon". Fòm lan disponib nan <a href="http://www.nyc.gov/nopv">www.nyc.gov/nopv</a>, oswa lè w rele nan 311.</p> <p>Anpil pwopriyete pwopriyete konsidere fè demann revizyon valè mache yo nan lespwa pou yo redui taks sou pwopriyete yo a. Men, taks sou pwopriyete w la pa pral bese sof si ou kapab pwouve valè mache w la ta dwe pi ba pase valè mache reyèl la.</p> <p><b>Delè pou Depoze yo:</b></p> <p>Pwopriyete Klas 1 yo: 16 mas 2020<br/>Tout Lòt Pwopriyete yo: 1ye avril 2020</p> | <p>Ou gen dwa pou w konteste valè estime w la bòkote Komisyon Fiskal Vil New York (New York City Tax Commission), ki se yon ajans endepandan ki separe ak Depatman Finans. Komisyon Fiskal la gen otorizasyon pou li redui valè yo estime pwopriyete w la, chanje klas taks li, epi ajiste egzanpsyon taks ou yo. Komisyon Fiskal pa kapab chanje valè mache w la, deskripsyon pwopriyete a, oswa klas bilding lan.</p> <p>Yo dwe resevwa aplikasyon w lan anvan delè pou depoze a. Pou w jwenn fòm kontestasyon Komisyon Fiskal la, ale sou <a href="http://www.nyc.gov/taxcommission">www.nyc.gov/taxcommission</a>. Ou ka ale tou nan yon sant biznis Depatman Finans (adrès yo nan <a href="http://www.nyc.gov/nopv">www.nyc.gov/nopv</a>). Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele nan 311.</p> <p><b>Delè pou Depoze yo:</b></p> <p>Pwopriyete Klas 1 yo: 16 mas 2020<br/>Tout Lòt Pwopriyete yo: 2 mas 2020</p> |

## **TANPRI VERIFYE: DETAY YO SOU PWOPRIYETE W LA**

Depatman Finans genyen enfòmasyon sa yo anrejistre pou pwopriyete w la. Tanpri verifye enfòmasyon sa yo epi enfòmè nou sou nenpòt erè lè w depoze yon fòm "Demann pou Mete Ajou", ki disponib nan [www.nyc.gov/nopv](http://www.nyc.gov/nopv) oswa lè w rele nan 311.

|                                   |                                 |                                     |  |
|-----------------------------------|---------------------------------|-------------------------------------|--|
| <b>Pwopriyete a (yo):</b> _____   |                                 | <b>Klas Bilding:</b> _____          |  |
| <b>Prensipal Zonaj</b> _____      | <b>Fasad Teren an</b> _____     | <b>Pwofondè Teren an</b> _____      |  |
| <b>Sipèfisi Teren an</b> _____    | <b>Fòm Teren an</b> _____       | <b>Kalite Teren an</b> _____        |  |
| <b>Rapwochman</b> _____           | <b>Fasad Bilding lan</b> _____  | <b>Pwofondè Bilding lan</b> _____   |  |
| <b>Kantite Bilding yo</b> _____   | <b>Estil</b> _____              | <b>Ane li Bati</b> _____            |  |
| <b>Eta Deyò a</b> _____           | <b>Sipèfisi ki Fini</b> _____   | <b>Sipèfisi ki Pa Fini</b> _____    |  |
| <b>Inite Komèsyal yo</b> _____    | <b>Sipèfisi Komèsyal</b> _____  | <b>Inite Rezidansyèl yo</b> _____   |  |
| <b>Kalite Remiz la</b> _____      | <b>Sipèfisi Remiz la</b> _____  | <b>Grad Besment lan</b> _____       |  |
| <b>Sipèfisi Besment lan</b> _____ | <b>Kalite Besment lan</b> _____ | <b>Kalite Konstriksyon an</b> _____ |  |
| <b>Mi Deyò a</b> _____            | <b>Kantite Etaj yo</b> _____    |                                     |  |

### **KISA KI CHANJE: KONPAREZON ANE FISKAL 2019-20 AK ANE FISKAL 2020-21**

|                                | <b>Ane Aktyèl (2019-20)</b> | <b>Ane Pwochen (2020-21)</b> | <b>Chanjman</b> |
|--------------------------------|-----------------------------|------------------------------|-----------------|
| <b>Valè Mache</b>              | \$ _____                    | \$ _____                     | +/- \$ _____    |
| <b>Pousantaj Estimasyon an</b> | ____%                       | ____%                        | --              |
| <b>Valè Estime a</b>           | \$ _____                    | \$ _____                     | +/- \$ _____    |
| <b>Valè Mache Reyèl la</b>     | --                          | \$ _____                     | --              |
| <b>Valè Egzanpsyon an</b>      | \$ _____                    | \$ _____                     | +/- \$ _____    |
| <b>Valè Taksab</b>             | \$ _____                    | \$ _____                     | +/- \$ _____    |

#### **EGZANPSYON TAKS POU PWOPRIYETÈ KAY**

Vil New York ofri bay grandèt yo, veteran yo, manm klèje yo, moun ki gen andikap yo, ak lòt moun yo alejman fiskal yo rele egzanpsyon. Anplis yo redui taks ou yo, anpil egzanpsyon kapab anpeche w antre nan lavant dwa privilèj la. Gade fèy ki nan anvlòp la pou w jwenn plis enfòmasyon sou lavant dwa privilèj la.

Delè pou w aplike pou egzanpsyon pou pwopriyete kay yo se 16 mas 2020. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [www.nyc.gov/nopv](http://www.nyc.gov/nopv) oswa rele nan 311.

Eta New York ofri yon avantaj STAR ki kouvri anpil pwopriyete kay ak yon avantaj STAR Amelyore pou grandèt yo. Si w te aplike nan Eta a pou kredi STAR a oswa STAR Amelyore a apre 15 mas 2015, kredi a pa pral parèt sou avi sa a. Ale sou [www.tax.ny.gov/star](http://www.tax.ny.gov/star) pou w jwenn plis enfòmasyon.

#### **RABÈ SOU TAKS POU KOPERATIV-KONDOMINYÒM**

Pwopriyete inite koperativ ak kondominyòm yo kapab resevwa yon rabè ki pral ede yo ekonomize lajan sou taks sou pwopriyete yo a. Inite w la dwe nan yon bilding ki kalifye epi fòk li se rezidans prensipal ou.

Ajan jesyon w oswa konsèy administrasyon w lan dwe aplike nan non w epi sètifye pou di inite a se rezidans prensipal ou. Delè a se 18 fevriye 2020. Tanpri kontakte ajan jesyon oswa konsèy administrasyon w lan pou w poze kesyon.

Si w bezwen enfòmasyon anplis, oswa si w pa gen yon ajan jesyon, kontakte Depatman Finans nan [nyc.gov/contactcoopabat](http://nyc.gov/contactcoopabat), oswa rele nan 311.

## FASON POU JWENN ÈD

### KONTAKTE DEPATMAN FINANS

Si w gen kesyon sou nenpòt nan enfòmasyon ki nan avi sa a, kontakte Depatman Finans Vil New York:

**Sou Entènèt:** [www.nyc.gov/nopv](http://www.nyc.gov/nopv)

**Nan telefòn:** Fè 311. (Deyò Vil New York oswa pou sèvis relè, rele nan 212-639-9675.)

**Nan lapòs:** Depatman Finans Vil New York (NYC Department of Finance)  
Sèvis Korespondans  
1 Centre St, 22yèm Etaj  
New York, NY 10007

**Fas-a-Fas:** Ale nan yon sant biznis Depatman Finans (adrès yo nan [www.nyc.gov/nopv](http://www.nyc.gov/nopv)) oswa patisipe nan yon evènman sansibilizasyon Depatman Finans òganize (detay yo pi ba a).

### EVÈNMAN SANSIBILIZASYON DEPATMAN FINANS YO

Resevwa èd fas-a-fas avèk avi valè pwopriyete w la. Rele nan 311 oswa ale sou [www.nyc.gov/nopv](http://www.nyc.gov/nopv) pou w konfime dat ak adrès yo epi jwenn lòt evènman yo ki nan minisipalite w la. Pote NOPV w la nan evènman an.

| EVÈNMAN NAN MATEN YO (10 AM. - 12 PM.) |   |
|--|---|
| <b>4 fevriye</b><br>Bronx              | Bronx Borough President's Office<br>851 Grand Concourse, Rotunda        |
| <b>5 fevriye</b><br>Manhattan          | David N. Dinkins Municipal Building<br>1 Centre Street, Mezzanine North |
| <b>6 fevriye</b><br>Staten Island      | Staten Island Borough Hall<br>10 Richmond Terrace, Room 125             |
| <b>11 fevriye</b><br>Queens            | Queens Borough Hall<br>120-55 Queens Blvd, Atrium                       |
| <b>12 fevriye</b><br>Brooklyn          | Brooklyn Borough Hall<br>209 Joralemon Street                           |

| EVÈNMAN NAN SWARE YO (5 - 7 PM.)   |   |
|------------------------------------|---|
| <b>13 fevriye</b><br>Manhattan     | David N. Dinkins Municipal Building<br>1 Centre Street, Mezzanine North |
| <b>24 fevriye</b><br>Brooklyn      | Brooklyn Borough Hall<br>209 Joralemon Street                           |
| <b>25 fevriye</b><br>Bronx         | Bronx Borough President's Office<br>851 Grand Concourse, Rotunda        |
| <b>26 fevriye</b><br>Staten Island | Staten Island Borough Hall<br>10 Richmond Terrace, Room 125             |
| <b>27 fevriye</b><br>Queens        | Queens Borough Hall<br>120-55 Queens Blvd, Atrium                       |

### BIWO REPREZANTAN KONTRIBYAB

Si w te fè yon jefò rezonab pou w rezoud pwoblèm taks la bòkote Depatman Finans men ou santi w pa t resevwa yon repons ki satisfèzan, Biwo Reprezantan Kontribyab la kapab ede w. Pou w jwenn èd, ale sou [www.nyc.gov/taxpayeradvocate](http://www.nyc.gov/taxpayeradvocate) epi ranpli fòm DOF-911, "Demann Èd nan men Biwo Reprezantan Kontribyab la."

**Rele:** Fè 311. (Deyò Vil New York oswa pou sèvis relè, rele nan 212-639-9675.)

**Nan lapòs:** Biwo Reprezantan Kontribyab Vil New York, 375 John Street, 12yèm Etaj,  
New York, NY 10038

**Si ou bezwen yon aranjanman pou andikap oswa pou yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis Andikap la nan [www.nyc.gov/contactdofeeo](http://www.nyc.gov/contactdofeeo) oswa rele nan 311.**